ТЫЗЭКЪОТМЭ – ТЫЛЪЭШ!

# Адыгэ макъ

Голос адыга

1923-рэ илъэсым гъэтхапэм къыщегъэжьагъэу къыдэкIы

№ 83 (20846)

2015-рэ илъэс

БЭРЭСКЭШХУ

ЖЪОНЫГЪУАКIЭМ и 15

къыхэтыутыгъэхэр ыкIи нэмыкI къэбархэр тисайт ижъугъотэщтых

WWW.ADYGVOICE.RU

Адыгэ Республикэм и Правительствэ игъэзет

# Адыгеим и ЛIышъхьэ Урысые Федерацием щынэгъончъэнымкIэ и Совет изэIукIэ къыщыгущыIагъ

**Урысые Федерацием щынэгъончъэнымкIэ и Совет и Секретарэу Николай Патрушевымрэ Урысыем и Президент и Полномочнэ лIыкIоу Къыблэ федеральнэ шъолъырым щыIэ Владимир Устиновымрэ тыгъуасэ Астрахань Урысые Федерацием щынэгъончъэнымкIэ и Совет изэIукIэ щызэращагъ. Къыблэ федеральнэ коим ишъолъырхэм апшъэрэ IэнатIэхэр ащызыIыгъхэр, гъэцэкIэкIо хабзэм ифедеральнэ къулыкъухэм ячIыпIэ къулыкъухэм япащэхэр ащ хэлэжьагъэх. Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан зэIукIэм къыщыгущыIагъ.**



ЗэIукIэм IофыгъуитIу къыщаIэтыгъ, IофшIэнымкIэ рынкэм социальнэ гумэкIыгъоу илъым къыкIегъэчыгъэным, лъапсэ зимыIэ къэбархэр аIэкIэмыгъэхьэгъэнхэмкIэ кадрэхэр зэрагъэхьазырхэрэр нахьышIу шIыгъэным ахэр япхыгъагъэх. Экономикэ кризисым къыздихьыгъэхэм, къохьэпIэ хэгъэгухэм санкциехэу Урысыем къырашIылIэхэрэм япхыгъэу ащ фэдэ Iофыгъохэр къэтэджыгъэх.

Урысыем и Президент и Полномочнэ лIыкIоу Къыблэ федеральнэ шъолъырым щыIэ Владимир Устиновым къызэриIуагъэмкIэ, IофшIэн зимыIэхэу Къыблэ федеральнэ шъолъырым исхэм япчъагъэ проценти 10-кIэ хэхъуагъ. IофшIэнымкIэ рынкэм игумэкIыгъохэм етIани къахэзыгъахъорэр Украинэм зышъхьэ къизыхыжьыгъэ нэбгырабэ Урысые Федерацием зэрэщыпсэурэр ары. Урысые Федерацием щынэгъончъэнымкIэ и Совет и Секретарэу Николай Патрушевым къызэриIуагъэмкIэ, Украинэм зышъхьэ къизыхыжьыгъэ нэбгырэ миллиони 2,5-рэ тихэгъэгу щэпсэу, ахэм азыныкъо нахьыбэр Къыблэ федеральнэ шъолъырым ис.

Кризисым къызыдихьыгъэхэр Адыгеим IофшIэнымкIэ ирынки къытырихьагъэх. Мэлылъфэгъум ыкIэхэм яхъулIэу республикэм IофшIэнмыгъотыныгъэр процент 1,5-м щынэсыгъагъ, илъэсым иублэгъу ар процент 1,2-рэ зэрэхъущтыгъэр. Адыгеим и ЛIышъхьэ зэрилъытэрэмкIэ, IофшIэн зимыIэхэу республикэм щыпсэухэрэм япчъагъэ хэхъоныр анахьэу къызыхэкIыгъэр бюджетым епхыгъэу Iоф зышIэхэрэм япчъагъэ къызэрэщагъэкIагъэр, хэгъэгур кризисым зэрэхэтыр ары.

Мыщ дэжьым хэгъэунэфыкIыгъэн фае IофшIэнымкIэ рынкэм ищыкIэгъэ сэнэхьатхэмкIэ Iофыгъоу щыIагъэхэр къызэрэнэжьыгъэр: непэкIэ зыщыкIэхэрэм япроцент 67-р рабочэ сэнэхьатых. Адыгеим Iофхэр щыгъэтэрэзыгъэнхэм пае республикэм ищыкIэгъэ специалистхэр къэгъэхьазырыгъэнхэмкIэ Урысыем и Къыблэ иеджапIэхэм зэдэлэжьэныгъэу адыряIэр агъэлъэшын фае. Ащ нэмыкIэу республикэ къэралыгъо программэу «2014 — 2018-рэ илъэсхэм IофшIэн зимыIэхэм IофшIапIэ къафэгъотыгъэныр» зыфиIорэм къыдыхэлъытагъэу программэ гуадзэу «2015-рэ илъэсым Адыгэ Республикэм IофшIэнымкIэ ирынкэ Iофхэр щыгъэтэрэзыгъэнхэм тегъэпсыхьэгъэ Iофтхьэбзэ гуадзэу зэрахьащтхэр» зыфиIорэм ипроект къагъэхьазырыгъ. Ащ игъэцэкIэн пае сомэ миллион 14,5-рэ къыхагъэкIыщт. Бизнес цIыкIумрэ гурытымрэ къэралыгъо IэпыIэгъу ягъэгъотыгъэным тегъэпсыхьэгъэ IофшIэнри лъагъэкIотэщт. БлэкIыгъэ илъэсым ахэм яшIуагъэкIэ IофшIэпIэ чIыпIэ тедзэ 280-рэ зэхащэгъагъ.

— Мы илъэсым бизнес цIыкIумрэ гурытымрэ къэралыгъо IэпыIэгъоу сомэ миллиардныкъо фэдиз къафатIупщыщт. А мылъкум ишIуагъэкIэ типредпринимательхэм блэкIыгъэ илъэсым нахьи нахь мымакIэу IофшIэпIэ чIыпIэхэр къызэIуахын алъэкIыщт. Къоджэдэсхэр ежь-ежьырэу IофшIапIэхэр къызэIуахынхэм кIэгъэгушIугъэнхэм пае агробизнес-инкубатор иным изэхэщэн джыдэдэм Iоф дэтэшIэ. Инвестиционнэ проектхэм ягъэцэкIэни гугъэпIэшхохэр етэпхых. НепэкIэ инвестиционнэ проект 50-м ехъу щыIэныгъэм щыпхыращы, — ариIуагъ ТхьакIущынэ Аслъан журналистхэм адэгущыIэзэ.

ТхьакIущынэ Аслъан лъапсэ зимыIэ къэбархэр цIыфхэм аIэкIэмыгъэхьэгъэнхэмкIэ кадрэхэм ягъэхьазырын фэгъэхьыгъэ IофыгъомкIэ зэIукIэм къыщыгущыIагъ. Федеральнэ хэбзэгъэуцугъэм ишапхъэхэмрэ иположениехэмрэ гъэцэкIэгъэнхэм фэшI 2004-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу къэбарым иухъумэнкIэ Комиссием Адыгэ Республикэм Iоф щешIэ. Лъапсэ зимыIэ къэбархэр аIэкIамыгъэхьанхэм гъунэ лъызыфырэ куп Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хабзэ игъэцэкIэкIо къулыкъухэм ащызэхащагъ. Къэбар нэпцIхэр алъамыгъэIэсынхэмкIэ специалистхэр зыщагъэхьазырын алъэкIыщт еджапIэхэр республикэм иIэх.

Урысые Федерацием щынэгъончъэнымкIэ и Совет изэIукIэ Къыблэ федеральнэ коим хэхьэрэ шъолъырхэм япащэхэм игъо щафалъэгъугъ къэбар мытэрэзхэр аIэкIамыгъэхьанхэмкIэ Iофтхьабзэхэр зэрагъэцакIэхэрэм нахь пхъашэу гъунэ лъафынэу. Джащ фэдэу зэIукIэм хэлэжьагъэхэм хэгъэгум иэкономикэ гъэкIэжьыгъэнымкIэ, шъолъырхэм хэхъоныгъэ ягъэшIыгъэнымкIэ Iофтхьэбзэ гъэнэфагъэу зэрахьащтхэр къыщыхахыгъэх.

***Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ ипресс-къулыкъу.***

*Сурэтыр А. Гусевым тырихыгъ.*

## Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ и УКАЗ

**ЩытхъуцIэу «Адыгэ Республикэм изаслуженнэ артист» зыфиIорэр А.Хъ. Мыгум фэгъэшъошэгъэным ехьылIагъ**

Культурэмрэ искусствэмрэ яхэхъоныгъэ иIахь зэрэхишIыхьэрэм пае щытхъуцIэу **«Адыгэ Республикэм изаслуженнэ артист»** зыфиIорэр **Мыгу Айдэмыр Хъызыр ыкъом** — эстрадэм иартист фэгъэшъошэгъэнэу.

**Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
жъоныгъуакIэм и 13, 2015-рэ илъэс
N 60

## Адыгэ Республикэм щыпсэухэу ыкIи ихьакIэхэу лъытэнығъэ зыфэтшIыхэрэр!

Я XIX-рэ лIэшIэгъум щыIэгъэ Кавказ заом хэкIодагъэхэм афэгъэхьыгъэ шъыгъо-шIэжь зэхахьэ Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо филармониеу къалэу Мыекъуапэ дэтым 2015-рэ илъэсым жъоныгъуакIэм и 21-м сыхьатыр 18-м щыIэщт.

ЗэкIэми шъукъетэгъэблагъэ а Iофтхьабзэм шъухэлэжьэнэу.

***Зэхэщакlo комитетыр***

ЩэшIэ Казбек Хьисэ ыкъом иунагъо Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан Кытэ ыкъом лъэшэу фэраз ибын гупсэ идунай зехъожьым мылъкукIэ, гуфэбэныгъэкIэ къазэрэкъоуцуагъэм пае.

Тафэраз ныбджэгъухэм, IофшIэгъухэм, Iахьылхэм.

**Ишъхьэгъусэу Щамсэт, ыпхъоу Дан.**

РЕСПУБЛИКЭ ЗЭНЭКЪОКЪУ

Жъоныгъуак1эм и 6-м, 2015-рэ илъэсым Адыгэ республикэ к1элэцІыкІу тхылъеджапІэм усэ къеджэнымкІэ республикэ зэнэкъокъу «Я строки священные снова читаю» ыІоу, советскэ цІыфхэм Хэгъэгу зэошхом ТекІоныгъэр къызыщыдахыгъэр илъэс 70-рэ зэрэхъугъэм фэгъэхьыгъэу щызэхащэгъагъ.



# «Сэ джыри сяджэ а гучІэ сатырхэм»



КІэлэцІыкІухэм цІыфыгъэр ыкІи лІыгъэр зыфэдэр ягъэшІэгъэным, зэошхом хэтыгъэхэу мамырныгъэр тэзыгъэгъотыжьыгъэхэм шъхьэкІафэ афыряІэным, хэгъэгум итарихъ шъыпкъэм тетэу афиІотыкІыгъэным Іофтхьабзэр афэгъэхьыгъагъ.

Титарихъ екІолІэкІэ-шІыкІэ пхэнджэу непэ фашІырэм къыпкъырыкІэу, кІэлэцІыкІухэм ТекІоныгъэшхом имэхьанэ илъэшыгъэ агурыгъэІогъэныр, Хэгъэгу зэошхом псэемыблэжьыгъэу лъэпкъым щызэрихьагъэр, янэжъ-ятэжъхэм, ятэжъ пІашъэхэм ыкІи зэошхом игъогу къинхэр зэпызычыгъэ ветеранхэм ашъхьэ къырыкІуагъэм щыгъуазэхэу, яунагъо щыщхэу, ІахьылхэУ, ягупсэхэу заом хэтыгъэхэр, щыфэхыгъэхэр, къэзыгъэзэжьыгъэхэр ашІэхэу, шъхьэкІафэ афыряІэу пІугъэнхэр тикъэралыгъошхоу Урысыеми, ащ исубъектхэми игъоу ащалъэгъугъ.

МэфэкІ нэшанэр къыхэщэу зэнэкъокъур гъэпсыгъагъэ. Урысыем ыкІи Адыгэ Республикэм якъэралыгъо быракъхэм, зэо илъэс пычыгъохэу къагъэлъэгъохэрэм, зэхэпх кІодыеу къэІурэ орэд мэкъамэхэм бэ нэм къыкІагъэуцощтыгъэр. Тхылъ-пкъыгъо экспозициеу «Я строки священные снова читаю» зыфиІоу тарихъ литературэр, усэкІо-фронтовикхэм ясборникхэр, архив материалхэр зыхэлъхэм унаІэ зытыраригъадзэщтыгъ. Республикэ кІэлэцІыкІу тхылъеджапІэм ипчэшъхьаІу узэребакъоу, кІэлэцІыкІу творческэ ІофшІагъэхэм якъэгъэлъэгъон уІуплъэщтыгъ. Анахьэу гу зыльыозгъэтэщтыгъэр кІэлэцІыкІу сурэтшІыгъэхэу ветеранхэм апае агъэхьазырыгъэ открыткэхэр арых.

Зэнэкъокъум тефэу тхылъ-дэлъхьэ комплектэу «Къэзэлъ-лІыхъужъхэр» къыдагъэкІыгъ. ЗэкІэ мэфэкІым хэлажьэхэрэм ащ фэдэ комплектхэр ыкІи кІэлэцІыкІу тхылъеджапІэхэм яІофшІэн тегъэпсыхьэгъэ методическэ ІэпыІэгъухэр ахэм яспециалистхэм аратыгъэх.

Республикэ зэнэкъокъум къэлэ ыкІи къоджэ муниципальнэ кІэлэцІыкІу тхылъеджапІэхэм къарыкІыгъэ нэбгыри 9 хэлэжьагъ. Ахэр район зэнэкъокъухэм къащыхахыгъэхэу илъэси 7 — 14 зыныбжьыхэр ары. Хэти ежь ыгукІэ шІоигъоу, къыхихыгъэ усэу Хэгъэгу зэошхом ыкІи ТекІоныгъэшхом афэгъэхьыгъэхэм къяджэн амал иІагъ. Литературэ образхэмкІэ кІэлэцІыкІухэм заом ижъалымыгъэ къаІотэн фэягъ. АгучІэ къыритхъэу ахэр К. Симоновым, Р. Рождественскэм, Ю. Соловьевым, М. Джалиль яусэхэм къяджагъэх. Заор зэрэхьазабыр, фашизмэм утекІоныр зэрэмыпсынкІагъэр, ветеранхэм гъунэнчъэу зэрафэразэхэр зэнэкъокъухэрэм къахэщыщтыгъ.

Республикэ зэнэкъокъур дахэу зэрашагъ кІэлэцІыкІу тхылъеджапІэм иІофышІэ ныбжьыкІэхэу Абрэдж Заремэрэ Хьаудэкъо Асиетрэ. Хэгъэгу зэошхомкІэ яшІэныгъэ кІэлэцІыкІухэм ауплъэкІоу, викторинэ шІыкІэм тетэу къэлэлІыхъужъхэр, зэо орэдхэм ацІэхэр къарагъэІуагъэх.

Зэнэкъокъум хэлажьэрэ пэпчъ ишъошэ-теплъэкІи, усэу къызаджэрэмкІи, къэІокІэ-шІыкІэ амалымкІи дэгъоу гъэхьазырыгъагъэх. Хэти къызаджэрэр зэрагъэбырсырыгъэр зэхапшІэщтыгъ. Усэм орэдыр кІэкІэтыгъ е орэдыр гъусэ къыфашІыщтыгъ. Хэти къыІорэр ІупкІэу, шІыкІашІоу къызэрэдэхъурэм, къыІорэм имэхьанэ зэрэлъыІэсырэм ыкІи къыхэмыукъоу езбырэу зэришІэрэм жюрим ынаІэ лъэшэу тетыгъ. Ащ зэнэкъокъум икІэуххэр зэфихьысыжьыгъэх ыкІи текІоныгъэр къыдэзыхыгъэхэм дипломхэмрэ шІухьафтынхэмрэ аратыгъэх. Нэбгырэ пэпчъ рэзэныгъэ тхьапэхэр ыкІи тхылъхэр зэнэкъокъум изэхэщакІохэм ацІэкІэ афагъэшъошагъэх.

<u>ПоэзиемкІэ республикэ зэнэкъокъум текІоныгъэр къыщыдэзыхыгъэхэр:</u>

**Я III-рэ чІыпІэр Красногвардейскэ районым щыщэу Наталья Лавренюк** Р. Рождественскэм иусэу «Зенитчица» зыфиІорэм дэгъоу къызэреджагъэм пае ратыгъ.

**Я II-рэ чІыпІэр Кощхьэблэ районым къикІыгъэу Хьасанэ Бэлэ** Евгений Плющ иусэу «Подарю гвоздики ветеранам» къызэреджагъэм ыкІи орэдэу «Катюша» къызэриІуагъэм апае фагъэшъошагъ.

**А I-рэ чІыпІэр Теуцожь районым щыщэу, Нэшъукъое гурыт еджапІэм икІэлэеджакІоу КІыкІ Адам** Муса Джалиль иусэу «Варварство» зыфиІорэм артистизмагъэ хэлъэу, ыгу нэсэу къызэреджагъэм пае ратыгъ.



Илъэс 70-рэ хъугъэ ТекІоныгъэшхор къызыдахыгъэр. Тиогу сыдигъуи къэргъонэу тэлъаІо ыкІи зэошхом имашІо хэтыгъэ ветеранхэм шъхьащэ афэтэшІы.

***МАМЫРЫКЪО Нуриет.***

Сурэтхэм арытхэр: **зэнэкъокъур зезыщагъэхэу Абрэдж Заремэрэ Хьаудэкъо Асиетрэ; а I-рэ чІыпІэр зыфагъэшъошагъэу КІыкІ Адам.**

*Сурэтхэр тезыхыгъэр ІэшъынэАслъан.*

# ТыфэгушІо!

*Тянэ лъапІэу Уджыхъу Ибрахьимэ ыпхъоу Мариет псауныгъэ пытэрэ щыІэкІэ дахэрэ иІэу ыныбжь илъэс 64-рэ зэрэхъугъэмкІэ тыфэгушІо!*

*Гъогоу тызэрыкІорэм уигъэразэу, тисабыйхэм уряІасэу, шІур уигъогогъоу джыри уигъэшІэ лъагъо бэрэ утетынэу, тыгъэ нурэм фэдэу тапэ уитынэу тыпфэлъаІо!*

**УилъфыгъэхэУ Юл, Юр, Санят, Юныс.**

# Мамырныгъэм иухъумакІохэр ащыгъупшэхэрэп

ТекІоныгъэм ия 70-рэ илъэс фэгъэхьыгъэу Адыгеим Іофтхьабзэу щызэхащагъэр бэ. Ахэм ащыщ Тэхъутэмыкъое районым ит псэупІэу Новый Сад зыфиІорэм дэт гурыт еджапІэу N 20-м мы мафэхэм щыкІогъэ зэхахьэр.



Хэгъэгу зэошхом хэлэжьагъэу Октябрь Шишкиныр, Инэм къэлэ псэупІэм иветеранхэм я Совет итхьаматэу Валентина Субботинар, нэмыкІхэри Іофтхьабзэм къырагъэблэгъагъэх.

Тарихъыр кІэлэеджакІохэм ягъэшІэгъэныр, зэошхом фэгъэхьыгъэ къэбархэм нэІуасэ афэшІыгъэнхэр, яхэгъэгу шІу альэгъоу пІугъэнхэр ары зэхэщакІохэм пшъэрыль шъхьаІэу зыфагъэуцужьыгъагъэр. Іофтхьабзэм къекІолІагъэхэм зэкІэми шІуфэс къарихыгъ ублэпІэ классхэм якІэлэегъаджэу Шыцохьэ Светланэ. Хэгъэгу зэошхом илъэхьан цІыфхэм къинэу альэгъугъэр, ащ хэлэжьагъэхэм лІыхъужъныгъэу зэрахьагъэр кІэлэеджакІохэм къафиІотагъ. Я 3-рэ классым исхэм къагъэхьазырыгъэ къэгъэлъэгъонымкІэ Іофтхьабзэр лъагъэкІотагъ. Заом илъэхьан аусыгъэ орэдхэу «Синий платочек», «Катюша» зыфиІохэрэр София Шевляковам къыІуагъэх.

Іофтхьабзэр зыгъэхьазырыгъэ кІэлэеджакІохэм ямызакъоу, къекІолІагъэхэри орэдхэм къадэжъыуыщтыгъэх. Орэдэу «Прадедушка» зыфиІорэр зэкІэми къызэдаІуагъ.

Лъытэныгъэ къыфашІэу мыщ фэдэ зэхахьэхэм къызэрэрагъэблагъэрэмкІэ Іофтхьабзэм икІэщакІохэм зэрафэразэр къыІуагъ ветеранэу О. Шишкиным. КІэлэцІыкІухэм гуфэбэныгъэ яІэу, зэо жъалымэм хэтыгъэхэр ащымыгъупшэу, шъхьэкІэфэныгъэ афашІэу зэрэпсэухэрэр зэригуапэр ащ къыхигъэщыгъ. Нэужым я 3 — 9-рэ классхэм ащеджэрэ кІэлэеджакІохэмрэ хьакІэхэмрэ зэгъусэхэу «ТекІоныгъэм исирень» заом хэкІодагъэхэм ясаугъэт дэжь щагъэтІысхьагъ.

***ГЪОНЭЖЪЫКЪО Сэтэнай.***

# Япчъагъэ хэхъуагъ

Адыгэ Республикэм цІыфхэм лэжьапІэ ягъэгъотыгъэнымкІэ икъэралыгъо къулыкъу и ГъэІорышІапІэ тхьамэфэ телъытэ зэфэхьысыжьэу ышІыгъэхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкІэ, жъоныгъуакІэм и 6-м ехъулІэу ІофшІэн зимыІэхэм официальнэу атхыхэрэм япчъагъэ республикэм лъэгапІэу щыриІэр процент 1,5-м нэсыгъ. МэлылъфэгъуМ и 4-м къыщыублагъэу жъоныгъуакІэм и 5-м нэсырэ пІалъэм ІофшІэн зимыІэхэу атхыгъэхэр нэбгыри 126-рэ. А пчъагъэм щыщэу нэбгыри 7-р ІофшІапІэхэр зэрэзэфашІыжьыхэрэм е аІутхэр нахь макІэ зэрашІырэм атегъэпсыкІыгъэу къыІуагъэкІыгъэхэм ащыщых. Тхьамафэм къыкІоцІ телъхьэпІэ зэфэшъхьафхэм апкъ къикІэу нэбгырэ 79-рэ учетым хагъэкІыжьыгъ. ЫпшъэкІэ къыщытІогъэ тхьамафэм икІэухым ехъулІэу зэкІэмкІи ІофшІэн зимыІэхэу учетым хэтхэр нэбгырэ 3071-рэ хъущтыгъэх.

КъыдагъэкІырэр ІугъэкІыгъуаеу зэрэщытым ыкІи яфэІофашІэхэм дэеу къазэракІэупчІэхэрэм апкъ къикІэу, ІофшІапІэхэр пІэлъэ имыкъу ІофшІакІэм техьанхэ е пІэлъэ гъэнэфагъэкІэ къэуцунхэ фаеу къыхэкІы. А къиныгъохэм яхьылІэгъэ унашъо зэрашІыгъэм фэгъэхьыгъэ къэбархэр предприятие ыкІи организацие зыбгъупшІмэ цІыфхэм ІофшІэн ягъэгъотыгъэным фэлэжьэрэ къулыкъухэм къалъагъэІэсыгъэх.

ГухэкІ нахь мышІэми, нафэ къэхъу экономикэ къиныгъохэм апкъ къикІэу щэфэкІэ амалым къызэрэкІичырэр.

***СЭХЪУТЭ Нурбый.***





# Исабыигъо заом ылыпкIагъ

**Хэгъэгу зэошхор цIыф миллион пчъагъэр зыхэкIодагъэу, чылэгъо минхэр зыщыхэстыхьэгъэ лыгъэу 1941-рэ илъэсым тихэгъэгу къырадзи илъэсиплIэ итыгъэр ары. Ау ащ дакIоу лIыгъэ шъыпкъэу, псэемыблэжьныгъэу, хэку шIулъэгъуныгъэу тинахьыжъхэм яIагъэм яушэтыпIэу ар хъугъэ. Къинэу, хьазабэу ащыгъум тизэолIхэм зэпачыгъэр бэ. Ахэр тшыгъупшэнхэу щытэп ыкIи тщыгъупшэщтхэп!**

Сэ зигугъу къэсшIы сшIоигъор щыIэныгъэм изэман анахь IэшIур — зисабыигъо заом ылыпкIэгъэ цIыфхэр ары. ЛIыхъужъхэм салъыхъоу чыжьэу сыкIуагъэп — ахэр непи къытхэтых, гуфаплъэу анэгу зэлъагъэхэм уакIаплъэмэ, заом илъэуж къинхэри ахэплъэгъон плъэкIыщт. Сызщыщ къуаджэу ХьакIэмзые щыпсэурэ нэжъ-Iужъхэу, зисабый орэдхэмрэ джэгухэмрэ къин мыухыжьырэ Iоф зэпымыужьырэкIэ зэблэзыхъугъэхэу, жьы дэдэу лIыпкъым иуцуагъэхэр ары сыкъызщыIуцугъэр.

АпэрапшIэу къызщезгъэжьэмэ сшIоигъор сянэжъэу Курыжъо Сарэ Даутэ ыпхъур ары. Iахьылныгъэр армырэу, ащ сицIыкIугъом къыщегъэжьагъэу къысфиIуатэщтыгъэ къэбархэр ары сянэжъ сыкъытегущыIэнэу сыгу къизыгъэхьагъэр.

1932-рэ илъэсым ХьакIэмзые ар къыщыхъугъ. Илъэсибгъу ыныбжьэу заор къызежьэм, ащ апэрэ классыр ары ныIэп къыухыгъагъэр... Зэо илъэсхэм чылэм псэукIэу дэлъыгъэм тегущыIэныр сянэжъ икIасэп, «Тэ тлъэгъугъэр Тхьэм шъуемыгъэлъэгъу» — ары джэуапэу сыдигъуи иIэр. Ау къысфиIуатэщтыгъэ къэбархэр зэпызгъэуцожьхэмэ, мыщ фэдэ сурэт сынэгу къыкIэуцорэр.

Гъэмафэм икуупI, щэджэгъонэстыр. Чылэм нэжъ-Iужъхэр, сабыйхэр, бзылъфыгъэхэр арых къыдэнагъэхэр. Зы шъуз куп коцыр щэмэджкIэ ехыжьы. ЛIыжъ горэ ахэт, зищэмэджь къэуцэкугъэм кIэрэлъадэшъ, мыжъом фыдедзэ. Коцэу аупкIагъэр нэжъ-Iужъ зэе-тIуаеу къыдэнагъэхэм зэкIауIапIэ, зэкIоцIапхэ. КIэлэ-гъолэ такъырэу дэсхэм ахэр зы чIыпIэ рагъэкIу.

Пчэдыжь чъыIэтагъэм къэлъущтыгъэ макъэхэр бзэхыгъэх — бадзэхэмрэ жьы стырымрэ IупшIэ чагъэмэ хэщэтыкI макъэ нэмыкI къадигъэIукIырэп. ЗыкIэ псыфэлIэным пстэури зэгуеуты. ОшIэ дэмышIэу чылэмкIэ къикIэу зыгорэ къакIоу бзылъфыгъэмэ алъэгъугъ. «Ох-ох» гущыIэр пстэуми къажэдэзыгъ. Псы къафахьы. Псэр къыпызгъэкIэрэ псыр къызэранэсыгъэр, чъыIэчъыIэу чыим зэречъэхыщтыр псэуми IэшIу-IэшIоу агу къыдэчъэягъ. НэмыкI лъэхъаныгъэмэ, псыр къэзыхьырэ пшъэшъэжъыем удэмыхьащхын умылъэкIыныгъи — апч къошынхэм тхылъыпIэхэр аIукуагъэхэу, кIапсэкIэ зэпхыжьыгъэхэу ащ шIохэлъагъ. ПстэумкIи бэшэрэбиплI мэхъу. Бэджъэхъым фэдэу пшъэшъэжъыем кIапсэр ещэкIыгъ. ОшIэ-дэмышIэу ар кIэпцIыикIи, ыбгъукIэ зидзыгъ. Блэ горэ джыри ыпэ къифэгъэн фае, инасып мыщ ыпэрэм фэдэу щалъэ зэримыIыгъыгъэр нахь, къыхьыгъэ псыр рикIутыжьыщтыгъэ. Ар зэп къызэрэщышIыгъэр... Тхьэм ыгъэпсэужьыным бэшэрэб пстэури псаоу къыгъэсыгъ. Апэу зыкIэрыхьагъэм пшъэшъэжъыем кIапсэм къыпитIэтыкIи, бэшэрэбыр фищигъ. Бзылъфыгъэм ар Iихи, нахьыжъэу къыготым ритыгъ. БэшэрэбыркIэ зэрэхьурэр пшIы — цIыфхэр ащ фэдищ. ЕтIани фэбаем Iоф пшIэ зыхъукIэ, сыд псы бэшэрэбыр — уегъапцIэ ныIэп... ЗэрэхъурэмкIэ, пшъэшъэжъыер джыри зэп псыхьэ зэрэкIощтыр. Километрэ зыхыбл хъурэ гъогур ащ IупкIэу ешIэжьы...

Джыри зэ сянэжъ нэIуасэ шъуфэсшIы сшIоигъу — ар псы къэзыхьыщтыгъэ пшъэшъэжъыер ары! Чэмхэр пхъэIашэм кIашIэхэмэ, шъузхэр жъоу, мафэрэ коцыр ахымэ, чэщырэ хандзор агъэуцоу зэрэпсэущтыгъэхэр сянэжъ къешIэжьы. Ежь ышIагъэр къымыIоми, къэшIэгъуаеп — а къыIуатэхэрэр ылъэгъугъэх нахь, IорIотэжькIэ къынэсыжьыгъэ къэбарэп. Зэо ужыми щыIэныгъэр псынкIэгъуагъэп. Мамырныгъэр лъапIэу къызфыдэкIыгъэ цIыфхэм щыIакIэр икIэрыкIэу агъэпсыжьыщтыгъ. Комбайнэм къыкIэзыгъэ коцышъхьэр дышъэм пеIэн зыщилъэкIыщтыгъэ уахътэри сянэжъ зэринэкIыгъ. Илэгъубэмэ афэдэу ар еджапIэм чIэхьажьынышъ, щыIэкIакIэм къыхэхьухьэрэ сабыйхэм задырыгъэштэныр къыфегъэкIугъэп. Ащ исабыигъо заом ылыпкIагъ... Ышхьэ къымыIэтэу къыгъэшIагъэм лэжьагъэ. Илъэс 82-мэ апсыхьэгъэ акъылымкIэ сэщ фэдэ къорэлъф-пхъорэлъфу иIэмэ адэгуащэ. Сабыигъо мамырым иIэшIугъэ ащ къыгурэIо.

Мамыщ Къэсэй игугъу къызыпшIырэм, хэтрэ тикъоджэгъуи щхыпэ макIэр ыIупэ къечъэ. Ар къызхэкIырэр сэмэркъэур зикIасэу, зыхэт цIыфхэр сыдигъокIи къэбар щхэн горэмкIэ зыгъэчэфын зылъэкIырэ лIыжъ гъур цIыкIур анэгу къызэрэкIэтаджэрэр ары. Ау а къэбар щхэнхэр къэзыIотэрэ лIыжъ Iэпс-пъэпсым исабыигъо къинэу ригъэлъэгъугъэр зышIэрэр макIэ.

Мамыщ Къэсэй Махьмудэ ыкъор 1930-рэ илъэсым чъэпыогъум и 4-м къуаджэу ХьакIэмзые дэсыгъэ унэгъо Iужъум къихъухьагъ. ЯплIэнэрэ классыр ащ къыухыгъагъ апэрэ топыр тихэку къызыщэом. Апэрэ мафэхэм къащегъэжьагъэу ишъхьэгъусэ исабыитф къылъэхини Махьмудэ заом Iухьагъ. Ащ дэжьым Къэсэй исабыигъо кIэух фэхъугъ.

— Апэ шыкузэкIэтхэм зэлэгъу кIалэхэм тызарагъэтIысхьэм тигушIогъошхуагъ, — ыгу къэкIыжьы Мамыщ унагъом иIышъхьэ. — Тытхъэжьэу, шыхэр къетфэкIынхэу къытщыхъущтыгъ. Чэпэзэхэогъум шыхэри уцуагъэх, тэри тыпшъыгъ... Ау кум тырагъэкIыгъэп, тызэблэзыхьуни тиIагъэп. Джащыгъур ары къызыгурыIуагъэр Iофэу сызIууцуагъэр еджэным нахь зэрэмыпсынкIэр. Гъэпсэфыгъо уахътэу тиIагъэр чэщыбгым щегъэжьагъэу пчэдыжьым сыхьатыр тфым нэс. А къэнэжьырэ уахътэми сяни сыдэIэпыIэ сшIоигъуагъ.

Илъэсиплым Къэсэй кур ипIэкIорэу, шъофыр иунэу псэугъэ. Апэрэ ныбджэгъоу иIагъэр шыр ары. Ащ фэдизым ощхи, оси, гъабли къини — бэ ащ зэпичыгъэр...

Заор уцужьи унагъом иIышъхьи къыгъэзэжьыгъ. Сабыигъоу зыхэныгъэм Къэсэй ыуж илъэдэжьыгъэп. Зэоуж илъэс хьылъэхэм къэралыгъор ылъэ тезыгъэуцожьыщтыгъэхэм ятэрэ янэрэ ягъусэу ахэуцуагъ. Заом къыщежьэгъэ зэпхыныгъэр ищыIэныгъэ щыщ шъыпкъэ хъугъэ — илъэс 40 ащ шыкуаоу Iоф ышIагъ. ХьакIэмзые губгъохэм, шъофхэм, чъыгхатэхэм Къэсэй ишыкузэкIэт ащыплъэгъун плъэкIыщтыгъэ, илэжькакIэкIэ анахь пэрытхэм ащыщыгъ.

Непэ Мамыщ Къэсэй анахь алъытэрэ цIыфэу чылэм дэсхэм ащыщ. Ыкъо закъо икIэлищ дипIугъ, непэ тэтэжъым ижьау икъорэлъфхэм ясабыйхэми ашъхьэщыт. ГъэшIэ гъогоу къыкIугъэм къыпкъырыкIэу непэ псэурэ ныбжьыкIэмэ къадэгущыIэмэ Iофшэным иветеран анахь шъхьаIэу къыхигъэщырэр Iофшэным шIу альэгъоу сабыйхэр пIугъэнхэр ары. «Улажьэмэ, лыжъ пшхын — ар къызыгурыIорэм сыдигъуи хэкIыпIэ къыгъотыщт, иунагъуи ыгъэбэгъощт», — еIо Къэсэй...

«Заом исабыйхэр» аIоу бэрэ зэхэпхыщт. Непэ ар тэркIэ гущыIэ къодый. Ау зэ тежъугъэгупшыс ащ имэхьанэ. Щысэу къэсхьыгъэ нэбгыритIум янэятэхэр псаоу заом къелынхэр янасып къыхьыгъ. Ау ащ фэдэ насып зимыIагъэр сыд фэдиз? Къинэу тинахьыжъхэм алъэгъугъэр сыд фэдиз? Тисабыигъо мамырыным фэшI ахэм ясабигъо заом ратыгъ. Ащ фэдэ нэжъ-Iужъхэу тичылэхэм адэсыр макIэп. Ау ахэм тядэIунэу, къэбарэу аIэкIэлъым зыщыдгъэгъозэнэу шIоигъоныгъэ тиIа, уахътэ къыхэтэгъэкIа? «Ем уIумыкIагъэу шIур къыбгурыIощтэп» аIо. Ау а ер зыпэкIэкIыгъэ цIыфым лъытэныгъэ епхэу, ар зыфэбэнагъэр къыбгурыIомэ, уинепэрэ щыIакIи уасэ фэпшIыщт.

**СИХЪУ СултIан.**

# Гъэфэбапlэхэр зэтырагъэпсыхьажьых

**Тиунэхэр къызамыгъэфэбэжьыхэрэр мазэм ехъугъ. Бжыхьэ чъыIэр къамыгъэсэу фэбэкъэкIуапIэхэм ягъэцэкIэжьын республикэм икъэлэ гупчэ нахьыжъэу щыфежьагъэх. ГъэкIэжьын ыкIи гъэцэкIэжьын IофшIэнхэм сомэ миллион 12 фэдиз апэIуагъэхьащт.**

ЗэIухыгъэ Iахьзэхэлъ обществэу «Краснодартеплоэнерго» зыфиIорэм икъутамэу «Майкопские тепловые сети» зыцIэм иIофышIэхэм унэ зэтетхэр къызщагъэфэбэнхэ фэе лъэхъаным емыжэхэу къэкIощт чъыIэм зыфагъэхьазырын агу хэлъ.

ХъызмэтшIапIэм ипащэу Апэжьыхьэ СултIан къызэриIорэмкIэ, апэрапшIэу насосхэмрэ нэмыкI оборудованиеу мафэ къэс агъэфедэхэрэмрэ зэтырагъэпсыхьажьыщтых. «ФэбэкъэкIуапIэхэр дгъэкъэбзэщтых, илъэс къэс ащ фэдэ Iофтхьабзэхэр зэшIотымыхымэ, ахэм шIоир арэхъо, батареехэм ачIэхэм саемрэ ятIэмрэ ятIысэхых, фабэр икъоу къапкъырыкIырэп», — еIо тигущыIэгъу. IофшIапIэм испециалистхэм IугъоикIыпIэхэмрэ псыр зыщагъэфэбэрэ котелхэмрэ щынэгъончъэхэмэ ауплъэкIух. КъалэмкIэ агъэцэкIэщт Iофхэри агъэнэфагъэх. Урамэу Батарейнэм метри 150-рэ хъоу трубэхэр щызэблахъущтых. Псы стырыр гъэмафэрэ икъоу къызэраIэкIэмыхьэрэм фэшI мыщ щыпсэурэ цIыфхэр тхьаусыхэщтыгъэх. Ащ къыхэкIэу ядиаметрэкIэ нахь инхэу рыкIуапIэхэр чIалъхьащтых.



Урамэу Юннатхэм тет унэу 150/2-м екIолIэрэ фэбэкъэкIуапIэхэри зэблахъущтых. Ар зыдэщыт чIыпIэм унакIэхэр зыщагъэпсыхэм, цIыфхэм фабэр афимыкъужьы хъугъэ. Ащ къыхэкIэу трубэжъхэр зэблахъущтых.

«Майкопские тепловые сети» зыфиIорэ хъызмэтшIапIэм иинженер шъхьаIэу Игорь Скрипниченкэм къеIуатэ:

— ЯпшIыкIутIонэрэ къэлэ кIэлэцIыкIу IыгъыпIэм игъэфапIэ зэфэтшIыжьыщт. КIэлэцIыкIуIыгъыпIэр урамэу Титовым тет гъэфэбэпIэ иным зыпытшIэжькIэ, псыри фабэри икъоу цIыфхэм къаIэкIэхьащт. Урамэу Жуковскэм тет унэу N 59-м чIэсхэри гупсэфхэрэп, псыр зэрэфаехэу агъэфедэшъурэп. Iофыгъор зэшIотхыщт, цIыфхэр дгъэгушIощтых. ЗэкIэмкIи къалэм ащызэблэтхъущт фэбэкъэкIуапIэхэм сомэ мин 755-рэ апэIудгъэхьащт.

ЦIыфхэм агъэфедэрэ фабэм ыуасэ амытыжьыгъэу гъэIорышIэпIэ компаниехэм сомэ миллиони 153-рэ фэдиз чIыфэу ателъми, «Краснодартеплоэнергием» пшъэрылъэу зыфигъэуцужьыгъэхэр ыгъэцэкIэнхэу, унэхэр зыщагъэфэбэхэрэ лъэхъаным къэмысызэ фэбапIэхэр зэрищыкIагъэу зэтырагъэпсыхьанхэу къегъэгугъэх.

**ХЬАЛИМЭКЪО Гуащ.**